

PATIENT NEWSLETTER



CARE TO THE PEOPLE



LEAPFROG HOSPITAL SAFETY GRADE



Èske Ou Konnen CHA gen De (2) nan Lopital ki gen Plis Pwoteksyon nan Etazini?

Lopital Cambridge ak Everett CHA yo te resevwa nòt A pou kalite ak pwoteksyon. Chèche konnen sa sa vle di pou ou [nan videyo kout sa a](#).



Pran Piki pou Genyen

Genyen yon milyon dola oswa yon bous detid!

Rezidan Massachusetts ki gen laj omwen 18 an, ki pran de dòz vaksen Pfizer oswa Moderna, oswa yon dòz vaksen Johnson & Johnson nan, ap gen chans genyen youn nan senk pri 1 milyon dola kach.

Rezidan Massachusetts ki gen ant 12 ak 17 ane ki pran toude dòz vaksen Pfizer a gen chans genyen youn nan senk bous detid 300,000 dola pou yon Plan Ekonomik pou Kolèj 529.

Enskri pou Lotri Vaksinasyon Mass la isit la jodi a!

Si ou bezwen pran vaksen, li poko twò ta. Ale sou [paj vaksen kont COVID](#) nou an jodi a pou konnen ki kote ou kapab al pran piki w lan.


PORQUE LA ATENCIÓN DE LA SALUD DEBERÍA SER INCLUSIVA

CARE TO THE PEOPLE




Enfòmasyon Espesyalis sou Sante an Panyòl

CHA gen yon paj Facebook pou moun ki pale panyòl. Salud es Vida CHA a ofri konsèy itil pou sante ak enfòmasyon sou sa k ap fèt nan CHA. Tanpri di zanmi ou ki pale panyòl yo pou yo suiv nou - [facebook.com/CHAsaludesvida](#)



Lè Ou Bezwen MRI

Radyòlòg CHA yo pran fòmasyon nan kèk nan pi bon lopital nan peyi an, epi gen anpil nan yo ki te pran fòmasyon anplis nan radyoloji mis ak zo. Nan zafè MRI, fòmasyon enpòtan. Tande Dtè. Michael Weiss eksplike poukisa li enpòtan ak kijan l ap ede ou [nan videyo kout sa a](#).



Vizit Telesante Fasil

Pifò vizit telesante yo nan CHA sèvi ak sistèm Mend nan kounye a. Platfòm senp ak sekirize sa a fasil pou itilize. Vini nan vizit ou a sou òdinatè ou, sou telefòn ou oswa sou yon lòt aparèy ki gen kamera, mikwo ak koneksyon entènèt.

Lè w ap sèvi ak yon telefòn entelijan oswa ak yon tablèt:

Chache yon mesaj tèks ke CHA voye ba ou inèditan avan vizit ou a. Klike sou lyen Mend ki nan mesaj tèks la lè randevou w la rive epi antre dat nesans ou.

Lè w ap sèvi ak yon òdinatè biwo oswa ak yon laptòp:

Chache yon imèl ke w resevwa nan men CHA inèditan avan vizit ou a. Klike sou bouton “join visit” (fè vizit la) lè randevou w la rive epi antre dat nesans ou.

Lè w antre nan vizit ou a:

W ap antre nan sal Byenvini Vityèl ou a. Pwofesyonèl medikal CHA w la ap vin jwenn ou touswit.

Li [fèy konsèy sou Mend pou pasyan](#) nou an pou plis enfòmasyon.



CARE TO THE PEOPLE